

## ÒDONANS DIJANS NIMEWO 5 KONTE PALM BEACH COVID-19

**KONSIDERAN**, nan dat 1ye mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye Dekrè Egzekitif 20-51 ki mande Depatman Sante Florid la pou pibliye yon ljan Sante Piblik; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 9 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, te pibliye Dekrè Egzekitif 20-52 ki deklare yon eta dijans pou Eta Florid akòz COVID-19 la; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 13 mas 2020, dapre Seksyon 252.35(3)(a)(5), Lwa Florid yo, Konte Palm Beach te deklare yon Eta Dijans lokal akòz pandemi kowonaviris la, ki te pwolonje depi lè a nan respè ak lwa ki aplikab yo; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 20 mas 2020, Gouvènè Ron DeSantis, apre konsiltasyon avèk otorite yo nan Konte Broward ak Konte Palm Beach, tou de te mande aplikasyon rekòmandasyon Sant Prevansyon ak Kontwòl Maladi (CDC) nan Etazini, Dekrè Egzekitif 20-70 ki te pibliye, ki òdone tout restoran, ba, tavèn, ba popilè, bwat de nwi, sal bankè, salon kòktèl, kabare, brasri, kafeterya ak nenpòt lòt biznis ki sèvi alkòl ak/oswa manje ki gen plas pou plis pase dis (10) moun nan Konte Broward ak Palm Beach pou fèmen sèvis sou plas yo pou kliyan yo; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 20 mas 2020, epitou dapre Dekrè Egzekitif 20-70 la jan sa prevwa ladan, Gouvènè Ron DeSantis te fèmen tout sal sinema, sal konsè, oditoryòm, teyat, sal boling, sal jwèt (akad), sal espò, estidyo pou kondisyon fizik ak plaj; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 1ye avril, Gouvènè Ron DeSantis te siyen Dekrè Egzekitif 20-91, ki te souliyen patisipasyon nan aktivite rekreyatif yo (ki respekte distans sosyal) tankou mach, siklis, pwomnad sou mòn, lapèch, kous oswa natasyon kòm aktivite enpòtan pou rezidan nou yo; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 15 avril 2020, Gouvènè Ron DeSantis te nonmen Gwoup Travay sou Re-ouvèti Florid la, ki responsab pou devlope yon plan pou re-ouvri eta a san danje; epi

**KONSIDERAN**, nan dat 16 avril, 2020, Prezidan Donald J. Trump te pibliye Direktiv Mezon Blanch pou Ouvri Etazini Ankò, yon apwòch sou twa faz ki baze sou konsèy ekspè sante piblik, pou ede responsab eta ak lokal yo lè y ap re-ouvri ekonomi yo, pou pèmèt moun tounen travay ak kontinye pwoteje lavi Ameriken yo; epi

**KONSIDERAN**, nan revizyon done Depatman Sante ki gen rapò ak endikatè espesifik ki itilize pou mezire pwopagasyon COVID-19 la, yo te detèmine ke endikatè kle nou yo sijere epi yo ka pèmèt kèk aktivite rekreatif ki respekte distans sosyal ak enstalasyon ki gen rapò yo gendwa kapab reprann operasyon dapre direktiv espesifik CDC ak konte a; epi

**KONSIDERAN**, nan enterè aktivite fizik ak byennèt mantal, mach, kous, pwomnad sou mòn, vwayaj nan bato, lapèch ak gòlf se aktivite rekreatif ki enpòtan pou rezidan nan Konte Palm Beach yo; epi

**KONSIDERAN**, nan kolaborasyon avèk ekspè navigasyon bato, lapèch, plonje ak maren, jesyon dijans, minisipalite, lapolis, ak pwofesyonèl sante, Konte Palm Beach vle re-ouvri san danje kèk aktivite bato ak aktivite maritim nan yon apwòch pa faz nan Konte Palm Beach pou anpeche pwopagasyon COVID-19 nan kominote a; epi

**KONSIDERAN**, nan kolaborasyon avèk pwofesyonèl sante, jesyon dijans, minisipalite, lapolis, jesyon kou piblik ak prive, PGA of America (Asosyasyon Jwè Gòlf Ameriken) ak jwè gòlf lokal yo, Konte Palm Beach vle re-ouvri san danje teren gòlf yo nan yon apwòch pa faz nan Konte Palm Beach pandan n ap pran mezi dirèk nan itilize direktiv pwoteksyon sekirite ak sante ki dekri isit la a konsènan operasyon teren gòlf ak responsablite jwè gòlf ak klèb gòlf prive yo pou anpeche pwopagasyon COVID-19 nan kominote a; epi

**KONSIDERAN**, nan kolaborasyon avèk jesyon dijans, minisipalite, lapolis, ak pwofesyonèl sante yo, Konte Palm Beach vle re-ouvri pak piblik ak zòn natirèl yo nan yon apwòch pa faz nan Konte Palm Beach pou anpeche pwopagasyon COVID-19 nan kominote a; epi

**KONSIDERAN**, Konte Palm Beach te pibliye Òdonans Dijans anvan sa pou COVID-19 la ki afekte operasyon ranp bato yo, marina, pak, zòn natirèl, teren gòlf, teren tenis ak pisin kominotè yo; epi

**KONSIDERAN**, Konte Palm Beach vle anile ak ranplase kèk pati nan òdonans sa yo ki pa koyeran avèk Òdonans sa a pou rezon ki dekri nan dokiman sa a.

**KOUNYE A, PA KONSEKAN, NOU ÒDONE ISIT LA** dapre Atik II, Chapit 9, Seksyon 9-35, Kòd Konte Palm Beach, ansanm ak otorite yo ban mwen nan Deklarasyon Dijans Gouvènè DeSantis te pibliye nan Dekrè Egzekitif 20-52, pa Chapit 252 Lwa Florid yo, Konsèy Manm Komisyon Komite a ak Plan Jesyon Dijans Global Konte Palm Beach lan, ak jan lalwa otorize sa, mwen òdone konsa:

**Seksyon 1:** Konsideran ki anvan yo enkòpore isit la kòm referans.

**Seksyon 2.** Òdonans Dijans sa a siplemantè epi anplis de nenpòt Dekrè Egzekitif adisyonèl ke Prezidan Etazini an oswa Gouvènè DeSantis ta ka pibliye ka aplikab pou Konte Palm Beach. Tout dispozisyon Òdonans Dijans Konte Palm Beach anvan yo, ki gen ladan Rete Lakay-Rete An Sekirite Konte a: Òdonans Dijans Pi An Sekirite Lakay 2020-003a, rete anvigè, sof pou nenpòt dispozisyon ki pa ta koyeran ak Òdonans sa a.

**Seksyon 3. Aplikabilite.** Òdonans Dijans sa a aplike pou zòn yo ki entegre ak ki pa entegre nan Konte Palm Beach men ki pa gen okenn aplikasyon pou teritwa federal, eta oswa tribal yo.

**Seksyon 4. Adezyon kontinyèl nan direktiv CDC yo.** Malgre re-ouvèti ranp bato, marina, teren gòlf, pak, zòn natirèl, teren tenis ak pisin kominotè yo nan kad Òdonans sa a, tout moun dwe kontinye respekte direktiv Sant Prevansyon ak Kontwòl Maladi a ki disponib nan <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/prevent-getting-sick/social-distancing.html> epi anekse isit la kòm Anèks 1, jan li modifiye. Sa yo refere anba a kòm "Direktiv CDC". Tout pwopriyetè, operatè ak pèsònèl ki enplike nan sa anba yo dwe garanti respè ak Direktiv CDC sa yo.

**Seksyon 5. Aktivite navigasyon bato ak maritim yo.** Aktivite navigasyon bato ak maritim yo, ki gen ladan aktivite navigasyon bato rekreyatif ak komèsyal, ka rekòmanse nan Konte Palm Beach jan sa etabli nan Anèks 2 ki gen tit "Kondisyon pou Aktivite Navigasyon Bato ak Maritim". Aktivite sa yo dwe fèt an akò ak direktiv CDC yo epi nan respè kondisyon yo ki etabli nan Anèks 2 a. Nenpòt nan aktivite sa yo ki devye de direktiv sa a ak kondisyon yo rete entèdi.

**Seksyon 6. Teren gòlf yo.** Tout teren gòlf minisipal, piblik ak prive nan Konte Palm Beach ka re-ouvri nan respè kondisyon yo ki etabli nan Anèks 3 a ki di "Kondisyon pou Gòlf". Aktivite sa yo dwe fèt an akò ak Direktiv CDC yo epi nan respè kondisyon ki etabli nan Anèks 3. Nenpòt nan aktivite sa yo ki devye de direktiv sa a ak kondisyon yo rete entèdi.

**Seksyon 7. Pak piblik ak zòn natirèl yo.** Tout pak piblik konte a ak minisipal yo ak zòn natirèl yo, sof pou pak plaj yo, nan Konte Palm Beach dwe re-ouvri jan sa etabli nan Anèks 4 ki di "Direktiv pou Re-ouvèti Pak Piblik ak Zòn Natirèl". Zòn sa yo dwe ouvri pou plezi san danje ak responsab pou itilizasyon pasiv ak aktivite limite. Aktivite sa yo dwe fèt an akò ak Direktiv CDC yo epi nan respè kondisyon yo ki etabli nan Anèks 4 la.

**Seksyon 8. Teren tenis ak pisin kominotè yo.** Tout etablisman tenis ak rakèt anplennè, tankou pisin kominotè yo, dwe re-ouvri jan sa etabli nan Anèks 5 "Direktiv pou Re-ouvèti Teren Tenis ak Pisin Kominotè". Zòn sa yo dwe ouvri pou plezi san danje ak responsab pou itilizasyon pasiv ak aktivite limite sitwayen yo. Aktivite sa yo dwe fèt an akò ak Direktiv CDC yo epi nan respè kondisyon yo ki etabli nan Anèks 5 la.

**Seksyon 9. Aplikasyon Lalwa.** Cherif Konte Palm Beach lan, lòt ajans pou fè aplike lalwa yo, ki gen ladan ajans minisipal pou fè aplike lalwa ak pèsònèl ki dekri nan

Seksyon 9-37 Kòd Òdonans Konte Palm Beach lan, otorize pou fè aplike Òdonans sa a.

**Seksyon 10. Separabilite.** Nenpòt dispozisyon nan Òdonans Dijans sa a ki gen konfli avèk nenpòt dispozisyon lwa eta oswa federal oswa dispozisyon konstitisyonèl oswa konfli avèk oswa ki gen yon Dekrè Egzekitif Gouvènè oswa Prezidan Etazini ki aktyèl oswa ki pibliye apre ki ranplase yo, ap konsidere kòm pa aplikab epi konsidere kòm separe de Òdonans Dijans sa a avèk rès Òdonans Dijans lan ki rete entak ak anvigè. Nan mezi aplikasyon kèk oswa tout dispozisyon Òdonans Dijans sa a entèdi sou teritwa souvren yon tribi souvren oswa Endyen ke gouvènman federal la oswa eta a rekonèt, aplikasyon sa a ap eskli klèman nan Òdonans Dijans lan.

**Seksyon 11. Dat anvigè; Dire.** Òdonans sa a dwe antre anvigè nan 12:01 a.m. nan dat 29 avril 2020. Òdonans sa a ap ekspire lè Eta Dijans Lokal aktyèl la fini, menm jan li ka pwolonje atravè yon lòt òdonans oswa deklarasyon amwenske gen yon lòt Òdonans Dijans ki te gentan amande oswa mete fen ladan.

**KONTE PALM BEACH**

Pa: [Siyati]  
Administratè Konte

27 avril 2020  
Dat

**ATESTÉ  
GREFYE AK KONTWOLÈ**

Pa: [Siyati]  
Grefye Adjwen

**APWOUVE SELON  
SIFIZANS JURIDIK**

Pa: [Siyati]  
Pwokirè Konte

**ANÈKS 1: DIREKTIV CDC****Maladi Kowonaviris 2019****Distans sosyal, karantèn ak izòlman**

Kenbe distans ou pou ralanti pwopagasyon an

Limite kontak fas-a-fas avèk lòt moun se pi bon fason pou redui pwopagasyon maladi kowonaviris 2019 (COVID-19) la.

**Kisa distans sosyal la ye?**

Distans sosyal, yo rele li tou “distans fizik”, vle di kenbe espas ant ou menm ak lòt moun andeyò lakay ou. Pou pratike distans sosyal oswa fizik:

- Rete omwen nan yon distans 6 pye (anviwon 2 longè bra yo) de lòt moun
- Pa rasanble nan gwoup
- Pa rete nan kote ki gen foul epi evite rasanbleman an mas yo

Anplis de [etap chak jou pou anpeche COVID-19](#), kenbe espas ant ou menm ak lòt yo se youn nan pi bon zouti nou genyen pou evite ekspozé ak viris sa a epi ralanti pwopagasyon li lokalman ak nan peyi a ak nan monn lan.

Lè COVID-19 la gaye nan zòn ou, tout moun dwe limite kontak pwòch avèk moun andeyò lakay ou nan espas fèmèn ak anplennè yo. Piske moun ka gaye viris la anvan yo konnen yo malad, li enpòtan pou rete lwen lòt moun lè sa posib, menm si ou pa genyen okenn sentòm. Distans sosyal enpòtan espesyalman pou [moun ki gen plis risk pou tonbe malad anpil](#).

**Poukisa pou pratike distans sosyal?**

COVID-19 la gaye espesyalman kay moun ki gen kontak pwòch (nan anviwon 6 pye) pandan yon peryòd pwolonje. Pwopagasyon an rive lè yon moun ki enfekte touse, etènye oswa pale epi ti goutlèt ki sòti nan bouch oswa nen li ale nan lè a epi tonbe nan bouch oswa nen moun ki toupre a. Goutlèt yo ka rale ale nan poumoun yo. Dènye rechèch yo montre ke moun ki enfekte yo men ki pa gen sentòm petèt jwe yon wòl nan pwopagasyon COVID-19 la.

Li ka posib ke yon moun ka pran COVID-19 la nan touche yon sifas oswa objè ki gen viris la sou li ak apresya touche bouch, nen oswa je li. Sepandan, sa pa konsidere kòm fason prensipal viris la pwopaje. COVID-19 la ka viv plizyè èdtan oswa plizyè jou sou yon sifas, tou depann de faktè yo tankou limyè solèy ak imidite. Distans sosyal ede limite kontak avèk moun ki enfekte ak sifas kontamine yo.

Menm si risk maladi grav ka diferan pou tout moun, nenpòt moun ka pran ak gaye COVID-19 la. Tout moun gen yon wòl pou jwe nan ralanti pwopagasyon an ak pwoteje tèt li, fanmi li ak kominote li.

**Konsèy pou distans sosyal**

- Swiv konsèy otorite yo kote w ap viv la.
- Si ou bezwen fè acha manje oswa medikaman nan boutik episri oswa famasi, rete nan yon distans omwen 6 pye de lòt yo.
  - Itilize kòmman pa korespondans pou medikaman yo, si sa posib.

- Panse itilize sèvis livrezon episri.
- Kouvri bouch ou ak nen ou avèk yon [pwoteksyon figi an tisi](#) lè ou toupre moun, ki gen ladan lè ou gen pou sòti an piblik, tankou pou ale nan boutik episri.
- Rete nan yon distans omwen 6 pye ant ou menm ak lòt yo, menm si ou gen yon pwoteksyon figi.
- Evite gwo ak ti rasanbleman nan espas prive ak piblik yo, tankou kay yon zanmi, pak, restoran, magazen oswa nenpòt lòt plas. Konsèy sa aplike pou moun tout laj, sa ki gen ladan adolesan ak jèn granmoun yo. Timoun yo pa ta dwe gen pa ta dwe gen jwèt ki planifye pou fèt an pèsòn pandan lekòl fèmen an. Pou ede kenbe koneksyon sosyal yo pandan distans sosyal la, aprann [konsèy pou kenbe timoun yo an sante pandan lekòl fèmen an](#).
- Travay depi lakay lè sa posib.
- Si sa posib, evite itilize nenpòt transpò piblik, woulib pataje oswa taksi.
- Si ou se yon elèv oswa paran, pale ak lekòl ou sou opsyon ki genyen pou aprantisaj dijital/a distans.

**Rete konekte pandan ou rete lwen.** Li enpòtan anpil pou rete an kontak ak zanmi ak fanmi ki pa rete lakay ou. Rele, fè apèl videyo, tèks mesaj oswa rete konekte nan itilize rezo sosyal yo. Tout moun reyaji diferanman ak sityasyon estrès epi dèske ou gen pou pran distans sosyal de yon moun ou renmen ka difisil. [Li konsèy pou estrès ak adaptasyon.](#)

## Ki diferans ki genyen ant karantèn ak izòlman?

### Karantèn

Karantèn lan itilize pou **kenbe yon moun ki te ka ekspoze ak COVID-19 la lwen lòt moun.** Yon moun ki nan karantèn rete separe de lòt yo epi limite mouvman andeyò kay li oswa kote li ye nan moman an. Yon moun ka te ekspoze ak viris la san li pa konnen (tankou lè l ap vwayaje oswa andeyò kominote a) oswa li te ka pran viris la san li pa gen sentòm. Karantèn ede diminye pwopagasyon COVID-19.

### Izòlman

Izòlman itilize pou **separe moun ki malad de moun ki an sante yo.** Moun ki nan izòlman yo dwe rete lakay. Nan kay la, nenpòt moun ki malad dwe rete apa de lòt yo lè li rete nan yon chanm oswa espas “malad” epi itilize yon lòt twalèt (si posib).

## Kisa mwen dwe fè si mwen te ekspoze? Si mwen santi mwen malad? Oswa te konfime COVID-19?

Si ou panse ou te ekspoze ak COVID-19 la, [li konsènan sentòm yo.](#)

### Si ou...

Si ou menm oswa yon moun nan kay ou te ekspoze

### Etap pou swiv...

#### Kontwòl tèt ou

Rete alète pou sentòm yo. Veye **lafyè,\* tous oswa souf kout.**

- Pran tanperati ou si sentòm yo ap parèt.
- Pratike distans sosyal. Kenbe yon distans 6 pye de lòt yo epi rete lwen plas ki gen foul.
- Swiv [Gid CDC](#) a si sentòm yo devlope.

### Si ou...

Si ou santi ou an sante men:

- [Te gen kontak pwòch dènyeman](#) ak yon moun ki gen COVID-19, oswa
- Te vwayaje dènyeman sòti yon kote nan Etazini oswa nan yon bato kwazyè oswa bato.

Etap pou swiv...

Mete tèt ou nan karantèn

- Tcheke tanperati ou de fwa pa joue pi veye sentòm yo.
- Rete lakay pandan 14 jou epi kontwole tèt ou.
- Si sa posib, rete lwen moun ki gen [gwo risk](#) pou tonbe malad anpil akòz COVID-19.

### Si ou...

Si ou:

- Te dyagnostike ak COVID-19, oswa
- Ap tann tèz rezilta yo, oswa
- Gen sentòm tankou tous, lafyèv oswa souf kout

**Etap pou swiv...**

**Izole tèt ou**

- **Rete nan yon ‘chanm maladi’ oswa zòn presi** epi lwenn lòt moun oswa bèt, ki gen ladan bèt domestik. Si sa posib, itilize yon saldeben ki apa.
- Li enfòmasyon enpòtan sou [pran swen tèt ou](#) oswa [yon lòt moun ki malad](#).

Plis enfòmasyon

[Kijan pou pwoteje tèt ou](#)

[Netwaye ak dezenfekte kay ou](#)

[Rasanbleman ak evènman kominotè](#)

**ANÈKS 2**  
**KONDISYON POU AKTIVITE NAVIGASYON BATO AK MARITIM**

**A. Marina, waf bato, ranp ak lòt espas lansman.**

1. Sèvis ki bay: Marina, waf bato, ranp bato, ak nenpòt lòt espas ki itilize pou lansman batiman pou rezon rekreyatif, ansanm ak enstalasyon estokaj pakè a sèk, (kolektivman, "Espas Lansman yo"), dwe otorize pou opere depi Direktiv CDC yo, ki gen ladan tout direktiv sou distans sosyal yo, respekte. Operasyon vant an detay espas lansman yo dwe limite ak founi kabiran, sèvis antretyen ak reparasyon ak founiti maritim yo. Pa gen sèvis vant an detay anplis k ap bay.
2. Restoran yo: Operasyon restoran yo nan Espas Lansman yo dwe rete limite pou sèvis manje pou anpòte sèlman. Tout lòt fòm operasyon restoran yo, ki gen ladan sèvis manje sou plas, rete entèdi.
3. Pwoteksyon figi: An akò ak Direktiv CDC yo, anplis de pratik distans sosyal la, pèsonèl Espas Lansman, ansanm ak kliyan yo, dwe itilize ekipman pwoteksyon pèsonèl, ki gen ladan, men pa limite ak, pwoteksyon figi ak gan.
4. Distans ant bato ak pakin lannuit: Tout batiman yo sou dlo a, ki gen ladan men pa limite ak bato, dwe rete separe nan omwen yon distans 50 pye toutan. Pakin lannuit, swa veyikil oswa batiman yo, nan ranp bato yo entèdi.

**B. Aktivite maritim**

1. Aktivite ki entèdi: Aktivite rekreyatif maritim yo, ki gen ladan, men pa limite ak, lapèch, eskoutè lanmè (jet ski) ak navigasyon bato rekreyatif, dwe otorize an akò ak Direktiv CDC yo, sepandan aktivite annapre yo dwe rete entèdi:
  - a. Navigasyon bato ak nenpòt aktivite rekreyatif ki pa respekte Direktiv CDC yo, ki gen ladan, men pa limite ak, nenpòt aktivite ki pa pèmèt gen bon distans sosyal.
  - b. Flòt yo, ki gen ladan men pa limite ak, de oswa plis bato k ap vwayaje ansanm oswa ki ankre nan yon distans 50 pye youn de lòt.
  - c. Nenpòt aktivite ki lakòz rasanbleman plis pase 10 moun.



- d. Rafting bato, ki gen ladan men pa limite ak, kòdaj oswa mare ansanm bato oswa batiman yo.
- e. Echvaj, debakman, ankraj oswa amaraj batiman yo sou sab, zile ak rivaj ki louvri yo.
- f. Nenpòt navigasyon bato ki pa komèsyal ki depase limit kapasite annapre yo:

Bato 25' oswa mwens:	4 pasaje granmoun pou pi plis, plis timoun 17 ane ak mwens. 6 moun nan bato a pou pi plis.
Bato 26' — 36':	6 pasaje granmoun pou pi plis, plis timoun 17 ane ak mwens. 8 moun nan bato a pou pi plis.
Bato 37'-60':	8 pasaje granmoun pou pi plis, plis timoun 17 ane ak mwens. 10 moun nan bato pou pi plis.
Bato ki depase 60':	10 pasaje pou pi plis, ki pa gen manm ekipaj la ladan.

### C. Bato pou frete, bato lapèch ak bato pou plonje.

1. Bato pou frete, bato lapèch ak bato pou plonje yo ("Batiman Rekreyatif Komèsyal"), ka reprann operasyon yo depi Direktiv CDC yo, ki gen ladan tout direktiv sou distans sosyal yo, respekte. Anplis de sa, Batiman Rekreyatif Komèsyal yo dwe respekte restriksyon annapre yo:
  - a. Nenpòt sèvis ki ofri an koneksyon ak Batiman Rekreyatif Komèsyal yo ki pa respekte Direktiv CDC yo, ki gen ladan, men pa limite ak, nenpòt aktivite ki pa pèmèt bon distans sosyal, entèdi.
  - b. Tout kliyan ki itilize Batiman Rekreyatif Komèsyal yo dwe gen pwòp ekipman yo, ki gen ladan, men pa limite a, kàn lapèch ak materyèl lapèch.
  - c. Tout twalèt Batiman Rekreyatif Komèsyal yo dwe afiche direktiv pwòpte CDC a. Savon, dlo ak/oswa dezenfektan pou men pou kliyan yo obligatwa. Twalèt yo dwe pwòp ak dezenfekte regilyèman pandan jounen an.

- d. Tout Batiman Rekreyatif Komèsyal yo dwe delimitè pozisyon plas kliyan an, ki gen ladan, men pa limite ak, plas pou plonje ak pozisyon pou peche, separe nan yon distans 6 pye pou pi piti nan itilize riban oswa nenpòt lòt adezif pou asire bon distans sosyal. Anplis de sa, tout sèvis atè ki gen rapò ak Batiman Rekreyatif Komèsyal ki egzije kliyan yo fòme yon liy dwe delimitè, nan itilize riban oswa nenpòt lòt adezif, distans 6 pye pou asire bon distans sosyal.
- e. Tout estasyon netwayaj/amòs pwason dwe limite ak yon moun pa estasyon alafwa. Anplis de sa, pwosesis bon netwayaj ak dezenfeksyon dwe pratike.
- f. Nenpòt sèvis filè pwason ki ofri an koneksyon avèk Batiman Rekreyatif Komèsyal yo dwe limite ak yon sèl moun pou chak tab.
- g. An akò ak Direktiv CDC yo, anplis de pratik distans sosyal la, tout moun ki itilize Batiman Rekreyatif Komèsyal yo, swa nan waf, nan anbakman oswa kòm yon pati nan operasyon kòt vil yo, ki gen ladan, men pa limite ak, kapitèn, ekipaj ak kliyan yo dwe itilize ekipman pwoteksyon pèsònèl, ki gen ladan, men pa limite ak, pwoteksyon figi ak gan.
- h. Konsènan bato pou plonje yo, pa plis pase 10 moun dwe sou pon yon batiman nan nenpòt ki moman. Anplis de sa, boutik plonjon yo ki sipòte operasyon plonjon yo ka sèlman fonksyone pou ranpli rezèvwa plonje yo sou randevou sèlman. Sèvis sa yo dwe fèt atravè ramasaj ak livrezon bòdi lari.

**D. Lokasyon eskoutè lanmè, bato, kannòt, kayak ak planch pou sife.**

- 1. Lokasyon eskoutè lanmè, bato, kannòt, kayak ak planch pou sife ka reprann operasyon depi Direktiv CDC yo, ki gen ladan direktiv sou distans sosyal yo, respekte. Anplis de sa, restriksyon annapre yo dwe aplike:
  - a. Lokasyon eskoutè lanmè: Operasyon lokasyon eskoutè lanmè yo dwe limite ak yon sèl kondiktè (oswa ak yon granmoun ak yon timoun ki manm pwòch fanmi an).
  - b. Lokasyon bato: Konpayi lokasyon bato yo dwe respekte menm direktiv ki aplikab pou tout aktivite bato yo ki etabli nan Òdonans sa a, ki gen ladan Anèks sa a.

- c. Kannòt/Kayak/Planch Sife: Kannòt/kayak/planch sife yo dwe limite ak yon sèl moun oswa de moun si gen yon distans 6 pye ki posib.

**E. Konstriksyon, reparasyon maritim ak lapèch komèsyal.**

1. Konstriksyon maritim, reparasyon ak antretyen batiman/motè ak lapèch komèsyal ka reprann operasyon yo depi Direktiv CDC yo, ki gen ladan tout direktiv sou distans sosyal yo, respekte. Anplis de sa, lapèch komèsyal, operasyon maritim komèsyal ak sèvis sipò yo otorize pou kontinye opere jan sa te endike nan Òdonans Dijans PBC 2020-001a.
2. Pechè komèsyal yo ki gen bon dokiman lisans ap kontinye gen aksè 24 sou 24 nan sit ranp ki deziyen yo; aksè sa a dwe gen ladan gid lapèch ki pote mwens pase kat pasaje epi gen yon chat komèsyal, yon pèmi kapitèn six-pack oswa pi wo ak yon lisans biznis ki anrejistre nan konte a.

**F. Pwotokòl ranp/lansman bato nan dlo sale ak dlo dous.**

1. Ranp bato ("Ranp Bato") nan dlo sale ak dlo dous ka itilize depi Direktiv CDC yo, ki gen ladan tout direktiv sou distans sosyal yo, respekte. Anplis de sa, pwotokòl annapre a dwe respekte:
  - a. Ranp bato yo dwe louvri lè solèy leve rive lè li kouche sof lè gen bato komèsyal k ap itilize yo (aksè 24 sou 24 nan sit ki deziyen yo) amwenske otorite konsène yo te pote lòt modifikasyon.
  - b. Yon (1) bato pou chak ranp lansman alafwa. Batiman yo dwe prepare alavans pou lanse (sa vle di, koneksyon sekirize, liy waf la mare, ekipman sekirite ak dispozisyon yo deja nan bato). Tout pasaje yo dwe anbake nan batiman an yon fwa li lanse.
  - c. Lè li retounen nan waf la, tout pasaje yo dwe rete nan batiman an jiskaske bato a pare pou monte sou remòk la. Yon fwa li monte, tout pasaje dwe retounen nan veyikil yo epi kite espas lansman an ansanm.

**G. Waf lapèch, estasyon netwayaj pwason, twalèt piblik/magazen batiman ak waf kabiran.**

1. Waf lapèch, estasyon netwayaj pwason, twalèt piblik, magazen batiman (amòs ak materyèk lapèch) ak waf kabiran ka fonksyone ak itilize depi Direktiv CDC yo, ki gen ladan tout direktiv sou distans sosyal yo, respekte. Anplis de sa, pwotokòl annapre a dwe respekte:
  - a. Estasyon netwayaj pwason: Aksè a dwe limite ak yon (1) moun pou chak estasyon alafwa. Bon pwosesis netwayaj ak dezenfeksyon dwe toujou pratike.
  - b. Waf lapèch: Distans fizik 10 pye pou pi piti ant pechè yo dwe respekte.
  - c. Twalèt piblik: Aksè a twalèt piblik yo dwe disponib. Twalèt yo dwe pwòp ak dezenfekte regilyèman pandan jounen an. Yo dwe bay savon ak dlo oswa dezenfektan pou men ak/oswa papye dezenfektan nan chak twalèt.
  - d. Magazen batiman (amòs ak materyèl lapèch): Sila yo k ap antre nan magazen batiman (amòs ak materyèl lapèch) dwe, an akò ak Direktiv CDC yo, anplis de pratik distans sosyal, itilize ekipman pwoteksyon pèsònèl, ki gen ladan, men pa limite ak, pwoteksyon figi.
  - e. Waf kabiran: Dwe otorize pou fonksyone nan respè ak Direktiv CDC yo.

**ANÈKS 3: KONDISYON POU GÒLF****3a: Kondisyon pou Teren Gòlf**

**Tout teren gòlf minisipal, piblik, ak prive Konte Palm Beach dwe respekte sa yo:**

1. Jwèt la dwe òganize yon fason pou pèmèt fanmi ki ap viv nan menm kay yo pou yo deplase a pye, nan ti machin gòlf yon sèl chofè oswa ti machin pataje yo. Responsab teren an dwe konfime verifikasyon fanmi an a pati yon pyès idantite. Ti machin pataje yo dwe make epi idantifye ak yon ti drapo koulè pou endike li te verifye.
2. Nan lide pou pèmèt jwè gòlf yo chofe yo anvan yo ale jwe, yon teren antrènman ka rete ouvè. Itilizasyon teren sa a ap limite ak peryòd ki vini imedyatman anvan jwè a ale jwe. Pou pran an kont direktiv sou distans sosyal yo, teren egzèsis la ap amenaje yon fason pou kenbe yon distans 10 pye ant jwè yo ak pou yo pa rasanble sou teren an oswa ozalantou teren an.
3. Jwè yo pa dwe rive plis pase 20 minit anvan lè a.
4. Pèsonèl la pa dwe manyen valiz yo, baton yo oswa okenn lòt ekipman, ni transpòte atik sa yo pou sòti oswa pou ale nan pakin nan: jwè yo ap responsab pou yo pote tout ekipman yo nan kote sa prevwa a.
5. Paviyon yo dwe rete fèmen: oken evènman anndan sal p ap òganize.
6. Tout aktivite lig, klinik, kan, jenès ak lòt aktivite òganize sispann.
7. Sèvis charyo a pa disponib
8. Restoran yo ka rete ouvè sèlman pou sèvis pla pou anpòte.
9. Nan ka kote restoran teren gòlf yo ouvri pou sèvis pla pou anpòte, ap gen pano afichaj sou charyo yo ak ozalantou paviyon yo ak nimewo pou rele pou plase kòmman manje yo ak eksplikasyon sou kijan pou peye, si etablisman an ofri sèvis sa a.
10. Vestyè yo p ap disponib, sof pou itilizasyon twalèt yo.
11. Pèsonèl la pa dwe ni ranje ni retire baton yo eksepte nan ka Lwa sou Ameriken ki gen Andikap yo prevwa sa.

12. Magazen gòlf yo ap rete fèmen. Anrejistreman ak pèman dwe fèt nan resepsyon nan respè ak direktiv CDC ki disponib nan <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/prevent-getting-sick/social-distancing.html> ak nan Anèks 1, jan li modifye a. Pwosedè anrejistreman ak pèman a distans yo rekòmande. Pou pi piti, gen pòt antre ak pòt soti ki separe ki dwe deziyen pou fasilite pèman.
13. Pèsonèl klèb la dwe pote yon ekipman pwoteksyon jan direktiv CDC yo rekòmande sa.
14. Lè pou kòmanse yo dwe gen yon entèval 12 minit omwen pou rezon distans sosyal.
15. Charyo manje ak bwason an deplasman yo pa otorize.
16. Dwe gen pano siyalizasyon deyò magazen an ak paviyon yo pou raple direktiv CDC yo sou distans sosyal ak pwoteksyon figi yo.
17. Yon “nouy” natasyon oswa yon dispozitif similè dwe itilize pou bouche twou a oswa koup la ap soulve nan yon distans yon pous pa rapò ak teren an pou anpeche boul la antre nan twou a. Jwè yo dwe konnen pou yo pa janm manyen oswa retire drapo nan koup yo.
18. Rato nan tout kazyè yo dwe retire: USGA sijere jwè gòlf yo jwe manti prefere ak jwè yo ratise avèk pye yo.
19. Tout kontenè sab yo, fich rezilta yo, kreyon yo, tee yo, sèvyèt, glasè yo oswa lòt materyèl ki pataje yo dwe retire nan ti machin gòlf yo epi distribye bay moun sèlman lè responsab la mande sa. Sinon atik sa yo ap jete apre yo fini itilize yon fwa. Atik ki p ap jete yo dwe byen dezenfekte avan lòt jwè golf itilize li apre.
20. Tout machin pou lave boul ki te aksesib a jwè yo ap retire oswa vewouye.
21. Lè y ap jwe, jwè gòlf yo dwe pratike distans sosyal jan direktiv CDC yo prevwa sa.
22. Twalèt klèb yo ak sa ki sou pakou yo dwe netwaye epi dezenfekte pandan tout jounen an.
- 23 Savon ak dlo, oswa dezenfektan pou men ak/oswa sèvyèt dezenfektan dwe disponib nan chak twalèt.

24. Tout estasyon dlo potab yo dwe retire. Yo ka itilize estasyon dlo ki déjà konekte yo pou ranpli kontenè dlo yo. Jwè gòlf yo dwe itilize gan nan men yo pou yo pran dlo.
25. Jwè gòlf yo dwe konnen pou yo pote dlo pa yo ak boutèy pa yo pou yo ka rete idrate; restriksyon sou glasè pèsonèl ki gen dlo yo pa egziste ankò.
26. Ti machin gòlf yo dwe netwaye epi dezenfekte apre chak pakou.
27. Jwè yo pa dwe rasanble apre match la. Jwè yo dwe kite teren gòlf la imedyatman match la fini.
28. Responsab yo dwe distribye règ pakou yo ak lis Responsabilite Jwè Gòlf la (Anèks 3b. ki gen tit “Responsabilite Jwè Gòlf yo” lè anrejistreman.

### 3b: Responsabilite Jwè Gòlf yo

1. Jwè yo pa ka rive plis pase 20 minit anvan lè a.
2. Pèsonèl la pa dwe manyen valiz yo, baton yo oswa okenn lòt ekipman, ni transpòte atik sa yo pou sòti oswa pou ale nan pakin lan: jwè yo ap responsab pou yo pote tout ekipman yo nan kote sa prevwa a.
3. Jwè yo pa dwe janm manyen oswa retire drapo koup yo (tout kou ki frape “nouy” natasyon an oswa dispozitif similè ki itilize pou bouche twou a oswa koup la ap konsidere kòm si li te gen twou)
4. Rato nan tout kazyè yo dwe retire: USGA sijere jwè gòlf yo jwe manti prefere ak jwè yo ratise ak pye yo
5. Lè y ap jwe, jwè gòlf yo dwe maksimize distans fizik dapre direktiv CDC yo nan <https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/prevent-getting-sick/social-distancing.html> ki anekse ak Òdonans Dijans nimewo 5 Konte Palm Beach, ak tou modifikasyon yo. Tout jwè yo dwe kenbe sis (6) pye distans ant yo toutan, e yon gadyen oswa yon manm nan pèsonèl la dwe veye ke jwè yo respekte direktiv yo sou teren an.
6. Jwèt la òganize pou mach, ti machin gòlf yon sèl chofè a oubyen sa ki pataje a pou fanmi ki ap viv nan menm kay yo. Pèsonèl teren an konfime verifikasyon fanmi yo apati pyès idantite, jwè gòlf yo prezante. Ti machin ki pataje yo make epi idantifye apati yon ti drapo koulè pou endike itilizasyon pataje a verifye
7. Jwè gòlf yo dwe pote pwòp boutèy dlo pa yo ak glasè pèsonèl ki gen dlo pou yo rete idrate. Pa dwe gen sèvis charyo bwason sou teren an. Lè jwè gòlf yo ap itilize estasyon dlo ki disponib yo pou ranpli resipyan dlo yo, yo dwe itilize gan nan men yo pou pran dlo a.
8. Li konseye pou jwè gòlf yo chanje soulye yo nan pakin nan epi vin ak pwòp dezenfektan pou men pa yo.
9. Tout jwè gòlf yo pa dwe rasanble apre yo fin jwe e yo dwe kite teren an imedyatman yo fini pou evite anbouteyaj ak rasanbleman sou pwopriyete a oubyen nan pakin nan.



**ANÈKS 4**  
**DIREKTIV POU RE-OUVÈTI PAK PIBLIK AK ZÒN NATIRÈL YO**

**A. Direktiv pou re-ouvèti pak piblik ak zòn natirèl:**

1. Pak piblik konte ak minisipal yo, ak zòn natirèl yo, eksepte pak plaj yo, nan konte Palm Beach la dwe ouvri depi direktiv CDC yo, ki gen ladan sa ki gen pou wè ak distans sosyal yo, respekte.
2. Lapolis, gad forestye ak pèsonèl ki la pou sa dwe patwouye nan pak yo ak siveye ak asire respè direktiv sou distans fizik yo.
3. Pak yo dwe swiv direktiv CDC yo pou kenbe enstalasyon ki ouvri yo pwòp epi dezenfekte. Disponibilite twalèt yo kapab limite.
4. Lè pakin yo kòmanse lè solèy la leve pou rive lè li kouche, sof si otorite konpetan yo pote lòt modifikasyon.
5. Espas natirèl yo, santye yo, pis pou kouri yo (sans inik yo, yon sèl direksyon) ouvri sèlman pou mache, kouri, pwomnad, siklis ak ekitasyon, kote yo otorize yo.
6. Lòt sèvis tankou lapèch, kannòt/kayak, ranp bato nan dlo dous yo, eski nan dlo, planch nan dlo, disk gòlf, lokasyon kannòt, kayak ak bisiklèt yo otorize depi direktiv CDC yo, ki gen ladan, men ki pa limite ak, distans sosyal respekte.

**B. Restriksyon sou aktivite rekreyatif nan pak piblik ak zòn natirèl yo:**

1. Tout espas pou jwe nan pak yo, ekipman pou jwe ak pou fè egzèsis yo dwe rete fèmen.
2. Paviyon piknik yo dwe rete fèmen.
3. Itilizasyon fontèn dlo yo entèdi.
4. Teren baskèt yo dwe ouvri pou pratik endividyèl sèlman. Sèlman twa (3) jwè ki otorize pa mwaye teren. Jwèt konpetitif an ekip yo entèdi. Chak jwè dwe pote balon baskèt pa li ak ekipman yo pa dwe itilize a plizyè.
5. Teren tenis ak pickle ball yo ap ret ouvri pou pratik endividyèl sèlman.
6. Teren rakètbòl yo ap ouvri sèlman pou pratik endividyèl. Jwèt konpetitif yo entèdi.
7. Pak pou chyen yo sipoze rete fèmen.

8. Aktivite pa anndan yo entèdi. Batiman rekreyatif ak sal espò yo dwe rete fèmèn.
9. Teren kanping yo dwe rete fèmèn.
10. Espas patinaj yo dwe rete fèmèn.
11. Espò sou teren yo entèdi.
12. Pwogram rekreyatif, espò òganize oswa aktivite entèdi.
13. Rasanbleman an gwoup 10 moun oswa plis entèdi.
14. Itilizasyon ekipman espò a plizyè entèdi.
15. Evènman ki gen espektatè yo entèdi.
16. Otorizasyon nan sa ki pou wè ak bwason epi manje yo entèdi.

**ANÈKS 5**  
**DIREKTIV POU RE-OUVÈTI TEREN TENIS AK PISIN KOMINOTÈ YO**

**A. Teren tenis:** teren tenis yo ak enstalasyon rakèt anplennè yo dwe re-ouvri depi direktiv CDC yo, ki gen ladan tout direktiv sou distans sosyal yo respekte. Anplis de sa, restriksyon annapre yo dwe aplike:

1. Sèl jwèt endividyèl ki otorize. Pa dwe gen rasanbleman sou teren an oswa sou liy touch yo.
2. Vestyè yo ak douch yo dwe rete fèmen. Twalèt yo dwe netwaye epi dezenfekte regilyèman pandan tout jounen an. Savon ak dlo, oswa dezenfektan pou men oswa sèvyèt dezenfektan dwe disponib nan chak twalèt.
3. Se responsabiltè pèsonèl la oswa direksyon an pou asire òdonans sa respekte

**B. Pisin kominotè:** pisin kominotè yo dwe re-ouvri depi direktiv CDC yo ki gen ladan tout direktiv sou distans sosyal yo respekte. Anplis de sa, restriksyon sa yo annapre yo dwe aplike:

1. Kapasite pisin nan dwe toujou limite pou garanti distans sosyal nan jan direktiv CDC yo mande sa.
2. Vestyè yo ak douch yo dwe rete fèmen. Twalèt yo dwe netwaye epi dezenfekte regilyèman pandan tout jounen an. Savon ak dlo, oswa dezenfektan pou men oswa sèvyèt dezenfektan dwe disponib nan chak twalèt.
3. Plas pou chita oswa pou detann sou teras pisin nan dwe limite pou asire distans sosyal jan direktiv CDC yo mande sa.
4. Youn oswa plizyè manm pèsonèl la oswa direksyon an dwe prezan sou chak sit etablisman an pou siveye epi asire restriksyon òdonans sa prevwa yo respekte.